

KESYON? RELE (800) 998-2400

SIDEKICK SMART

KÒMANSE AK
SMARTWATCH ALÈT MEDIKAL OU A



Gid pou demare rapid

1. Mete kab chajè a nan tèt chajè ki vin nan bwat la



3. Ploge li nan yon priz elektrik.



2. Foure lòt pwent kab chajè a nan kote pou aparèy la chaje a.



4. Mete Sidekick Smart la nan aparèy ki pou chaje li a. Wap tande **"your watch is charging"**.

5. Teste SideKick Smart lan lè ou ap peze epi kenbe bouton ki sou kote a jiskaske ou tande **"Help button activated"**. Lè yo mande w si w bezwen èd, annik di ke w ap teste aparèy ou an.

Aliyen kontak chaj ki sou anba nan Sidekick Smart la ak broch chaje ki nan aparèy ki pou chaje li a.



Pandan lap chaje, ekran an pral montre pousantaj batri a.

Konnen Sidekick Smart ou an

Nan Ka Ijans

Si ekran an vid, Peze bouton home nan pou montre Lè ak Dat.

Si w bezwen asistans, peze epi **KENBE** Bouton Home nan jiskaske ou tande **"Help Button Activated."**



Pou pi bon rezilta chaje **Sidekick Smart** ou an chak swa.



Avètisman batri

Lè nivo batri a ba, ou pral tande yon mesaj batri ki ba epi endikatè nivo batri a ap vin wouj. Lè sa rive, ou ta dwe chaje aparèy ou an pi vit ke posib.



Pou pi bon rezilta chaje **Sidekick Smart** ou an chak swa.



Jwenn aplikasyon w yo

Lè w ap gade Lè a, glise a goch oswa adwat pou jwenn aksè nan Aplikasyon ou yo.



Louvri yon aplikasyon

Pou itilize yon aplikasyon, glise dwèt ou pou jwenn li epi peze ikòn aplikasyon an.

Batman kè

Mezire batman batman kè ou.



Monitè batman kè a se pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa la pou ranplase metòd tradisyonèl yo pou sa ki gen pou wè ak dyagnostik oswa tretman.

Pedomèt

Swiv kantite pa ansanm ak aktivite ou fè chak jou.



Tan

Jwenn previzyon meteyo pou jodia.



Fèmèn mont lan

Etenn Sidekick Smart ou a.



Pou relimen mont la peze epi kenbe Bouton Home nan.

Pou rezon sekirite, nou rekòmande pou ou pa fèmèn mont ou an, sof si sa nesèsè.

Li ka mouye san pwoblèm

Sidekick Smart lan reziste ak dlo epi li ka nan men ou pandan wap lave men ou, wouze plant epi pandan wap benyen.



Sidekick Smart
la reziste ak dlo,
men ou pa dwe
plonje li nan dlo.



FAQ

Dire Batri a

Batri mont lan ta dwe dire, pou pifò itilizatè yo, jiska 3 jou. Li ta dwe pran, an mwayèn, jiska 3 èdtan pou li chaje konplètman.

Kouvèti Selilè

SideKick Smart konekte ak rezo selilè a poukont li epi li pa bezwen asosye ak yon telefòn.

Kote kouvèti rezo a egziste, SideKick Smart la pral fonksyone nan tout 50 eta Etazini yo, Pòtoriko ak pifò teritwa ameriken yo.

Sèvis Lokalizasyon Amelyore

Nan ka ijans, Sidekick Smart itilize done lokalizasyon avanse, lè yo disponib, pou ede Espesyalis Swen nou yo lokalize kote ou ye.

**Nou la pou nou ede.
RELE (800) 998-2400
pou asistans.**

Aparèy sa a depann de kouvèti selilè pou li fonksyone. Nan kote kouvèti selilè a limite, ou ka remake kapasite aparèy la diminye.